

Revizyon Elijiblite Ou Kòmanse Pou Èd Siplemanntè Avèk Depans Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon: Kèk Bagay Ou Ta Dwe Konnen

2009



Si w jwenn Èd Siplemanntè avèk depans pou medikaman sou preskripsyon Medicare ou, Sekirite Sosyal ka kontakte pou revize pozisyon ou. Revizyon sa a ap asire ou toujou kalifye pou jwenn Èd Siplemanntè epi pou resevwa tout benefis ou merite.

Si yo pa chwazi ou pou yon revizyon, p ap genyen chanjman nan kantite lajan Èd Siplemanntè w ap resevwa a.

Kilè Sekirite Sosyal ap fè revizyon sa a?

Revizyon yo ap fèt chak ane, anjeneral nan fen mwa Out.

Kouman Sekirite Sosyal ap kontakte mwen?

N ap voye ba ou yon fòm pou ou ranpli. Fòm sa a rele “*Revizyon Administrasyon Sekirite Sosyal sou Elijiblite ou pou Èd Siplemanntè*” (SSA-1026). W ap gen 30 jou pou ranpli fòm sa a epi pou retounen li. Nenpòt chanjman ki nesèsè pou Èd Siplemanntè a ap an efè nan mwa Janvye ane ki vini apre a. Pa egzanp, si nou voye yon fòm revizyon an Out 2009 epi ou retounen fòm revizyon an nan 30 jou, nenpòt chanjman nan Èd Siplemanntè ap an efè an Janvye 2010.

Esi mwen bezwen èd pou mwen ranpli fòm lan?

Manm fanmi ou, moun ki ba w swen ak lòt moun kapab ede w ranpli fòm lan. Sekirite Sosyal ka ede reponn kesyon ou ka genyen tou. Senpleman rele nou nan nimewo **1-800-772-1213**. Si ou soud oswa si w mal pou tandè, ou kapab rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**. Ou kapab ale tou nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou pou ou jwenn èd.

Èske Chanjman nan lalwa ap afekte revizyon Èd Siplemanntè mwen?

Apati 2010, nou p ap konte okenn asirans-vi kòm yon resous, epi nou p ap konte èd ou jwenn nan men lòt moun pou depans nan kay kòm revni. Kidonk, SSA-1026 w ap jwenn nan mwa Out la p

ap genyen kesyon konsènan asirans-vi ankò oswa depans pou kay. Se paske chanjman ki rapòte nan SSA-1026 la p ap aplike jiska 1^e Janvye 2010.

Ki kalite chanjman k ap fèt nan Èd Siplemanntè mwen?

Youn nan bagay sa yo ka rive:

- Okenn chanjman nan kantite lajan Èd Siplemanntè w ap resevwa a;
- Ogmante kantite lajan Èd Siplemanntè w ap resevwa a;
- Diminye kantite lajan Èd Siplemanntè w ap resevwa; oswa a;
- Èd Siplemanntè ou ap sispann.

Kisa k ap pase si mwen pa retounen fòm revizyon an?

N ap sispann Èd Siplemanntè ou nan mwa Janvye ane pwochèn.

Kouman m ap konnen ki desizyon Sekirite Sosyal te pran sou revizyon an?

Sekirite Sosyal ap voye yon lèt ba ou pou eksplike w desizyon li pran an. Si w kwè desizyon an pa kòrèk, w ap gen dwa pou fè apèl kont li. Lèt la ap eksplike w dwa ou genyen pou fè apèl.

Kouman ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan Èd Siplemanntè sou plan Medicare pou peman medikaman sou preskripsyon ou, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) oswa ale sou ti wèb www.socialsecurity.gov. Si w rele paske ou gen kesyon sou yon lèt ou te resevwa, tanpri genyen lèt la nan men ou. Sa ap ede nou reponn kesyon ou yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ak sou peryòd anwolman espesyal, rele gratis nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**; TTY **1-877-486-2048**) oswa ale sou sit wèb www.medicare.gov.

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10111-HC
(Review Of Your Eligibility For Extra Help
With Medicare Prescription Drug Plan Costs:
Some Things You Should Know)
November 2009
Web Only